30 [illegible] 1933 [illegible] VIII

SOESOE TJAP NONA

[illegible] SOESOE TJAP NONA [illegible]

[illegible] SOESOE TJAP NONA [illegible]

[illegible] NESTLÉ MILK Co.

Apa sebabnja saja djadi sakit, saja tida taoe, tetapi saja mati lantaran sakit oerat.
Sloan toean! Pakailah Sloan's liniment! Toean nanti tida akan menanja lagi sebabnja penjakit, tetapi toean akan selaloe ingat bagaimana toean bisa semboeh dari itoe penjakit.

SAKIT!

SLOAN'S
LINIMENT

PASANGGRAHAN PARANGTRITIS

Gantjaran, aksara Latin, mawi karenga ing gambar.

Njarijosaken kawontenanipoen pasanggrahan ing Parangtritis, ing pasisiripoen goepremènan Ngajogjakarta, mawi dedongèngan larah-larahipoen patilasan-patilasan ing sakiwa-tengènipoen ngrikoe, katah sanget.

Dedongèngan waoe boten kapendetaken saking serat-serat babad, nanging njarijosaken poenapa gotèkipoen para mantja kaki ing ngrikoe, dados nengsemaken sanget, pantes kasoemerepan ing ngakatah. Dasar ingkang njarijosaken prijantoen sepoeh: antèr, andar, tjeta, sarwa prasadja poenapa-poenapanipoen.

Reginipoen namoeng . . . . . f 0.50

Wedalan

BALE POESTAKA, BATAVIA-C.

— RUTE



No. 200	200/300			f 22.50
No. 400	400/500			„ 32.50
No. 650	600/700			„ 45.—
No. 180	800/1000			„ 55.—

FIRMA JOSEPH RUTE — SOERABAJA

30 [illegible] 1933 — [illegible] VIII

[illegible]

[illegible]

[illegible] f 1.50

[illegible] 3 [illegible]

[illegible] — [illegible]

[illegible]

[illegible] 1743 — [illegible]

[illegible] — [illegible] — [illegible] — [

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

MASCOT



№ 7

TERPAK
SEMPOERNA
DENGAN
KERTAS
CELLOPHANE
MELAWAN
HAWA

ཕ་ཆ་ཡ་ལ ཁ ཆ ཤ ཁ ཆ ཤ

ཕ་ཆ་ཡ་ལ ཁ ཆ ཤ ཁ ཆ ཤ 103

ཕ་ཆ་ཡ་ལ ཁ ཆ ཤ ཁ ཆ ཤ ཁ ཆ ཤ

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] Lonneker [illegible]

[illegible]

[illegible]

||ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤ ᠨᠣᠮᠳᠤ ᠪᠣᠯᠤᠭᠰᠠᠨ ᠨᠣᠮᠳᠤᠨᠤ ᠲᠤᠬᠠᠢ᠂ ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤ ᠨᠣᠮᠳᠤᠨᠤ ᠲᠤᠬᠠᠢ᠂ ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤ ᠨᠣᠮᠳᠤᠨᠤ ᠲᠤᠬᠠᠢ᠂||

Salisbury

NGOBROL ING DINTEN SABTOE

Wawasan ing salebetipoen taoen 1933.

Sampoen dados padatanipoen serat kabar oetawi kalawarti, saben poengkasaning taoen sok ladjeng adamel wawasan kawontenan-kawontenan ingkang sampoen kalampahan wonten ing salebetipoen taoen ingkang mentas kapengker. Makaten oegi Kadjawèn inggih ladjeng kepeksa adamel wawasan sawatawis toemrap ing taoen 1933 poenika. Amoeng kémawon ing sarèhning poenika namoeng wawasanipoen poen Pentoel, tamtoenipoen inggih kirang wigatosipoen. Éwasamanten tinimbang tanpa wonten wawasanipoen, amila sanadyan namoeng sapélé, kapeksa kasegahaken dateng para maos.

Menggah kawontenan-kawontenan ingkang sampoen kalampahan ing salebetipoen taoen 1933, ingkang preloe dipoen pèngeti ing ngakatah poenika sadjatosipoen katah sanget. Badé ngebaki papan saoepami dipoen pèngetana sadaja. Amila ing ngriki koela namoeng badé ngobrolaken wawasan koela menggahing kawontenan ingkang tansah dipoen raosaken, poenapa déné dipoen wigatosaken ing oemoem.

Déné ingkang tansah dipoen raosaken saha dipoen wigatosaken ing oemoem, poenika boten wonten sanès kadjawi pangamoekipoen crisis, ingkang noewoehaken djaman malèsèt ing saindenging djagad poenika. Menggahing koela, ingkang andjalari wontenipoen djaman melas-asih poenika namoeng kalih prakawis, inggih poenika: perang donja (1914 — 1918) toewin kamadjenganing babagan techniek. Katerangan tjara gampilanipoen makaten:

Wontenipoen perang donja wiwit taoen 1914 doemoeginipoen taoen 1918 poenika, andjalari: pradja-pradja, ingkang soewaoenipoen santosa, gemah-ripah toewin abanda-bandoe, ladjeng sami risak, dawah ing kamlaratan toewin soegih samboetan. Awit djalaran ingkang makaten poenika, ing woesana tetijang ing ngrikoe ladjeng sami kepeksa njoeda kabetahan toewin kapreloeanipoen saben dinten. Poenika ateges: tetijang waoe njoeda anggènipoen sami tetoembas, inggih poenika ngirid wedaling arta ingkang kanggé tetoembas barang-barang minangka kanggé kapreloean toewin kabetahanipoen.

Djalaran saking kamlaratan toewin risaking pradja-pradja waoe, saladjengipoen tetijang sami amboedidaja moerih kawontenanipoen sageda poelih kados wingi oeni. Déné rékadaja ingkang tansah dipoen oedi, moerih sageda ngedalaken arta sakedik, nanging pamedalipoen ingkang dipoen adani waoe, sageda langkoeng katah. Menggah wohing pangoedi waoe: saja pesating kamadjenganipoen babagan techniek. Tegesipoen: Wontenipoen pirantos-pirantos toewin machin-machin, ingkang dipoen pigoenakaken ing tijang, saja mindak saé lan mindak sampoerna. Ing saladjengipoen sadaja ingkang dipoen garap sarana pirantos machin-machin waoe, angsal-angsalanipoen saja langkoeng katah. Nanging ingkang makaten poenika malah ladjeng njengkakaken wontenipoen djaman malèsèt. Déné sababsababipoen:

Ing nginggil sampoen koela atoeraken, djalaran saking kamlaratan lan risaking pradja-pradja ingkang sami santosa toewin abanda-bandoe, tetijangipoen ladjeng sami dawah ing kamlaratan, ingkang ing woesana boten saged tetoembas barang-barang kabetahanipoen kados ingkang sampoen-sampoen. Ing mangka djalaran saking saja sampoernanipoen pirantos-pirantos toewin machin-machin ingkang dipoen pigoenakaken ing tijang, angsal-angsalaning barang-barang ingkang dipoen garap saja katah. Ing ngrikoe ladjeng toewoeh kawontenan ingkang kénging dipoen wastani: pintjang. Inggih poenika: wedaling barang-barang mindak katah, nanging ingkang migoenakaken barang-barang waoe saja kirang. Ingkang makaten waoe andjalari katah barang ingkang boten padjeng, saha ladjeng namoeng tinoempoek-toempoek kasimpen wonten ing goedangipoen.

Kadjawi saking poenika, djalaran saking saja sampoernaning pirantos-pirantos oetawi machin-machin ingkang dipoen pigoenakaken déning sakatahing kaboedidajan oetawi panggaotan, ing woesana kaboedidajan oetawi panggaotan waoe inggih ladjeng prasasat namoeng ambetahaken tetijang ingkang mangretos dateng pangolahing pirantos oetawi machin-machin waoe. Satemah ladjeng katah kaoem berah ingkang dipoen kèndeli saking padamelanioen. Inggih wiwit poenika ladjeng katah para kaoem anggoeran.

saking katahing barang dedagangan ingkang padjeng sarta namoeng tinoempoek-toempoek kaben wonten ing goedang, ing woesana sakatahing boedidajan toewin panggaotan, sami boten poeroen ngawontenaken barang-barang énggal saha saladjengipoen pabrik-pabrikipoen sami katoetoep. Poenika ateges: katah tetijang ladjeng sami kétjalan padamelan-ingkang andjalari saja mratah barisaning kaoem anggoeran. Kados sampoen sami kasoemerepan, saja katah tjatjahing kaoem anggoeran, saja rekaos kawontenanipoen pradja. Awit ing ngrikoe temtoe saja anggegirisi kawontenanipoen djaman malaise.

Wonten malih sabab-sabab ingkang andjalari saja agenging crisis, inggih poenika tjara-tjaranipoen satoenggal-satoenggaling pradja anggènipoen badé andandosi nagarinipoen pijambak-pijambak sarana nindakaken tjara ingkang déning bangsa mantja dipoen wastani: autarchie. Tegesipoen: mitoeloengi salira pribadi, sampoen ngantos goemantoeng dateng nagari sanès. Dados gegajoehanipoen pradja-pradja waoe toemrap sadaja ingkang dados kabetahaning pradja, sasaged-saged kedah ngawontenaken pijambak, sampoen ngantos ambetahaken dateng pawedaling pradja sanès. Ing ngriki boten preloe kaandaraken menggah kadadosanipoen ada-ada ingkang makaten waoe. Para maos tamtoenipoen sampoen ngoeningani pijambak, bilih wedaling satoenggal lan satoenggaling nagari poenika béda-béda mitoeroet kawontenaning sitinipoen. Wonten nagari ingkang dados bakoening panggesanganipoen tijang pawedaling pantoen. Wonten malih nagari ingkang sitinipoen boten kénging dipoen tanemi pantoen, gandoem lan sasaminipoen, nanging soegih pelikan. Makaten sapitoeroetipoen. Djalaran ingkang makaten poenika, dados sadjatosipoen moerih wiloedjengipoen donja, satoenggal lan satoenggaling nagari inggih kedah bantoebinantoe, nagari ingkang kekirangan pantoen, kedah dipoen oeloeri pantoen déning nagari ingkang soegih pantoen. Kosokwangsoelipoen nagari ingkang boten gadah tosan oetawi wadja oepaminipoen, toemrap kabetahanipoen barang-barang waoe inggih kedah andatengaken saking sanès pradja ingkang soegih tosan. Makaten saladjengipoen. Déné manawi pradja-pradja badé kaladjeng-ladjengaken anggèning ambekoenoeng nedya gesang pijambak-pijambak, temtoenipoen kawontenanipoen ing donja badé saja mindak-mindak rekaos. Awit poendi ingkang kekatahen barang, boten saged nglémbaraken barangipoen waoe dateng sanès pradja.

Makaten menggah wohing peperangan donja 1914 — 1918. Amila wontenipoen Volkenbond, ingkang tansah amboedidaja itjaling perang wonten ing donja poenika, ing sakawit sajektos adamel leganing manahipoen tetijang ing saindenging djagad. Ing woesana oedjoeg-oedjoeg wonten pawartos, bilih pradja Djepang medal saking anggènipoen dados warga saking Volkenbond. Mitoeroet kateranganipoen pradja Djepang pijambak, medalipoen saking Volkenbond poenika djalaran poetoesaning Volkenbond toemrap pasoelajanipoen pradja Djepang lan Tiongkok, boten anglegani manah. Nanging menggah njatanipoen kinten-kinten boten makaten. Nanging mbokmanawi kémawon anggènipoen Djepang medal saking Volkenbond, moerih anggènipoen nindakaken ada-ada autarchie kados kaseboet ing nginggil, sageda toemindak kanti sampoerna.

Ing sarèhné ing salebetipoen taoen 1933 poenika, pradja Djepang tansah dipoen wigatosaken ing bangsa koela poenika, kados ing ngriki preloe ngandaraken sawatawis tjara-tjaranipoen Djepang nindakaken kapoelitikanipoen.

Menggah sajektosipoen anggèning pradja Djepang anggadahi pamanggih, bilih satoenggal lan satoenggaling pradja poenika kedah saged njekapi dateng kabetahanipoen pijambak, poenika sampoen wiwit ing taoen 1917, inggih poenika nalikanipoen Amérika angawisi wedaling tosan toewin wadja saking tanah wewengkonipoen. Ing mangka ingkang dados bakoening panggesanganipoen bangsa Djepang poenika anggarap sabin. Toemraping pamelikan pradja waoe kénging dipoen wastani: mlarat sanget. Ing woesana djalaran saking sesrawoenganipoen kalijan bangsa kilénan, bangsa Djepang ladjeng sami nengenaken dateng wontenipoen kaboedidajan lan panggaotan. Boten watawis dangoe ing poendi-poendi ladjeng dipoen edegaken pabrik mawarni-warni. Nanging toemrap kabetahanipoen pabrik-pabrik waoe, kedah amigoenakaken barang-barang saking pelikan, kadosta: tosan, wadja, lisah patra lan sasaminipoen. Ing mangka ing nagari Djepang pijambak wedaling pelikan waoe kirang sanget. Déné kabetahan ageng ingkang awoedjoed lisah, poenika saged angsal saking tanah Indonésia ngriki. Toemrap kabetahan tosan lan wadja ngantos doemoeginipoen taoen 1917, saged angsal saking Amérika. Doemadakan ing taoen poenika pamarèntah Amérika ladjeng angawisi wedaling tosan lan wadja waoe, andjalari nagari Djepang kekirangan pirantos pelikan. Ing ngrikoe Djepang saweg ngroemaosi, bilih preloe sanget kedah anggadahi pijambak pelikan-pelikan ingkang dados kabetahanipoen. Ing mangka mitoeroet wawasanipoen Djepang, tanah-tanah sakiwa-tengenipoen ngrikoe, ingkang isi pelikan makaten waoe, boten wonten sanès kadjawi tanah Mansjoeriah. Kaleresan kala samanten tetijang bangsa Djepang sampoen katah ingkang sami bebara oetawi dedoenoeng wonten ing ngrikoe. Amila pradja Djepang kados dipoen èngetaken ladjeng ngoepados sangsalan anggènipoen badé mélikaken tanah Mansjoeriah waoe. Awit saking rékahipoen Djepang ingkang katingal boten adil, satemah ingkang andarbèni wewenang ing tanah ngrikoe, inggih poenika Tiongkok, boten narimahaken, ingkang woesananipoen ladjeng noewoehaken pasoelajan ageng poenika, klampahan salebetipoen taoen 1933.

Sarèhning pamarèntah Tiongkok anggadahi pamanggih oetawi kinten-kinten rekaos anggènipoen badé nanggoelangi kamoerkaning bangsa Djepang, mila ladjeng

njoewoen pangadilan ḍateng Volkenbond.

Ing ngadjeng sampoen katjarijosaken, bilih Djepang preloe sanget anggaḍahi tanah Mansjoeriah waoe. Dados sanadjan nagari Tiongkok sampoen njoewoen pangadilan ḍateng Volkenbond, saha Volkenbond sampoen angadili, éwadéné Djepang meksa boten maèloe ḍateng pangadilaning Volkenbond waoe. Malah saking serenging sedyanipoen, ngantos kalampahan medal saking dados warganing Volkenbond.

Anjarengi kalamangsanipoen, dèrèng ngantos salesih pangrembagipoen bab kawontenan wedalipoen Djepang saking Volkenbond, katoengka nagari Duitschland oegi ladjeng neḍa medal anggènipoen dados warganing Volkenbond, djalaran gegajoetan anggènipoen boten anotjogi ḍateng poetoesaning Volkenbond bab amatesi kekijataning dedamel toewin kaṭahing pradjoeritip[illegible]

Tjekakipoen adeg lan boedidajanipoen Volken[illegible] ing salebetipoen taoen 1933; inggih poenika angg[illegible] ipoen nedya ambeḍamèkaken djagad, njoeda dedameling perang, ngroekoenaken bangsa, tjabar boten angsal damel. Malah satoenggal-satoenggaling nagari saking anggèning mrajitnani kawontenanipoen p[illegible] pijambak, satemah ladjeng sami djor-djoran, [illegible] kaṭahan anggèning jasa dedameling perang saha memangoen warni-warning pradjoeritipoen.

Toemrap wawasan ing taoen 1933 kados tjekap doemoegi samanten. Sarta mangké paleṭèking taoen énggal saangsal-angsal baḍé dipoen sambeti wawasan, ingkang gegandéngan kalijan bab poenika.

PENṬOEL.

KABAR WARNI-WARNI

PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.

TANAH NGRIKI.

Pakempalan Pembela Diri. Ing Bandoeng wonten pakempalan nama Pembela Diri. Antjasing pakempalan waoe baḍé mitoeloengi para warganipoen ingkang kalebet ing bebaja lintah ḍarat.

Sedya kados makaten poenika pantjèn oetami sanget, awit boten kirang tijang nemahi sangsara ingkang djalaran saking tindaking lintah ḍarat. Nanging tijang poenika ragi limrah, sok remen andjarag angraket ḍateng lintah ḍarat ingkang ambebajani. Nanging oegi nama mantoek kalijan kadjenging pakempalan waoe, awit saoepami njatanipoen sampoen boten wonten ingkang kènging bebaja, temtoe boten wonten pakempalanipoen.

Arta waragad sinaoe oegi kasoeda. Mitoeroet kekantjingandalem K. T. Ingkang Witjaksana, para moeḍa ingkang sami sinaoe wonten nagari Walandi ingkang angsal pitoeloengan waragad saking Paréntah, wiwit béndjing tanggal 1 Januari 1934 baḍé dipoen soeda 17 pCt.

Poenggawa pabrik gendis ing Kartosoero. Ing bab poenggawa pabrik gendis ing Kartosoero ingkang sami dipoen kèndeli dadakan, sami angsal pasangon sablandjan, toemrap ingkang panjamboetdamelipoen kirang langkoeng sampoen 23 taoen, tampi pasangon balandja 2 woelan. Bab poenika Mr. Singgih ngoesoelaken ḍateng pangageng kanṭi sarèh, soepados pasangonipoen sami dipoen soekani ingkang moerwat. Manawi bab poenika boten dipoen pitoeroeti, baḍé toemindak poenapa leresipoen.

F 170.000.— dipoen lampahi 7 taoen. Pangadilan Justitie ing Semarang sampoen mriksa pasakitan Tular, tilas poenggawa Internatio, prakawis salingkoeh arta f 170 000.—. Pasakitan kaoekoem 7 taoen, katjengklong salebetipoen wonten tahanan. Teteping karampoengan tanggal 23 woelan poenika.

Pangéran ingkang dipoen koewatosaken. Ing bab anggèning Bandara Pangéran Soerjodiningrat djoemeneng pangarsa P. K. N. tansah dados rembag, malah araos kakoewatosaken, awit kaṭah tijang ingkang njeboet ratoe P. K. N. Sadjatosipoen tindak kados makaten poenika namoeng medal saking ginemipoen tetijang ḍoesoen ingkang boten djembar wawasanipoen, njebal saking tatanan. Mila ingkang wadjib ladjeng nindakaken rerigen, soepados para kepala ḍoesoen njerep-njerepaken ḍateng para ingkang sami kalintoe ing panganggep, sampoen njeboet ratoe ḍateng B. P. Soerjodiningrat.

Kalawarti énggal: Panjedar Ra'jat toewin Panggoegah Ra'jat. Djalaran saking rekaosing ngawontenaken pakempalan, awit saking ada-adanipoen Oesaha Pembatjaän Ra'jat ing Soerakarta, baḍé ngedalaken boekoe basa Mel-joe nama Panjedar Ra'jat, toewin basa Djawi nama Panggoegah Ra'jat, kados déné kalawarti, sawoelan medal kaping 2, regi 5 sèn, preloenipoen sampoen ngantos meḍotaken woelangan babagan seserepan warni-warni.

Anggemèni arta pradja. Kawartosaken, pradja Kasoeltanan ing Ngajogja baḍé anggemèni wedaling arta sarana njoeda waragad abdi dalem nglebet, ingadjeng karantjang f 40 000.— langkoeng, nanging saladiengipoen namoeng f 30 000.—. Makaten oegi papatih dalem éggal oegi oesoel ḍateng Goepernoer, soepados komisi blandja ingkang dipoen pangagengi Ir. Bandara Radèn Mas Saloekoe, adamela ḍapoekan énggal toemrap para garap ing kantor-kantor Kasoeltanan, pinanggihipoen sageda anggemèni.

Dipoen teḍakaken oekoeman 4 woelan. Raad van Justitie ing Soerabaja neḍakaken paoekoeman koendjara 4 woelan ḍateng dakwa van der Kamp, kalepatan anggèning kirang wewéka, ngresiki sandjata taksih meteng, ladjeng moengel, angèngingi ingkang èstri ngantos tiwas.

Tindak kados makaten poenika pantes sanget dados pepènget, kasoesahanipoen ingkang nglampahi paoekoeman saèstoe namoeng adamel karaos-raos.

Adil kaantjam brangoes pers. Toewan Firdos, hoofdredacteur Adil ing Soerakarta, dipoen tarik ḍateng kantor poelisi dipoen priksa bab karangan Mentjapai kemerdekaann dengan Islam, ing Adil No. 143, 144, 145 toewin 146, kadakwa nerak artikel 153. Saladjengipoen Adil dipoen soekani pepènget soepados sampoen keras-keras malih, lan oegi soeka pepènget ing bab gegajoetanipoen toewan Firdos anggènipoen sampoen naté dipoen singkiraken ḍateng Digoel.

Boekhandel énggal. Wonten pawartos, wiwit béndjing tanggal 1 Januari 1934. N. V. Erven uitgeverszaak P. Noordhoff toewin N.V. Koninklijke Boekhandel en Drukkerijen G. Kolff & Co. baḍé sesarengan bikak boekhandel énggal, dipoen pangagengi toewan D. Ter Laan toewin toewan Drs. F. C. Noordhoff, manggèn ing Laan Holle 7, Betawi. Déné ingkang kasaḍé sami boekoe-boekoe babagan kabetahaning pamoelangan ing tanah ngriki.

warti Indonesia Raja dipoen beskoep. Kala redaksie In-ia Raja noedjoe parepatan wonten Indonesia Club ing Kramat, wi, kadatengan poelisi mriksa boekoe boekoe toewin sanès-sanèsipoen saha ladjeng ambeskoep kalawarti Indonesia Raja No. 12. Kadjawi poenika oegi ambeskoepi kalawarti waoe ing sanès-sanès panggènan. Toewan Maroeta toewin Soepangkat sami katarik. tuur P. P. P. I. gadah panoewoen dateng parampara babagan pra-tijang siti, soepados toewan kekalih waoe sami dipoen akaken.

Pangiridan Pangrèhpradja. Ing bab tindak pangiridan golongan Pangrèhpradja, badé sarana anggolongaken djadjahan, njoeda poenggawa ingkang sampoen tetep oetawi namoeng sampiran. Ing bab poenika adeging commissie dipoen pangagengi déning toewan Hardeman, warga Raad India, kanti para Goepernoer ing tanah Djawi toewin Boepati sawatawis.

Babagan tijang kaoekoem boten dosa. Ingadjeng Kadjawèn sampoen naté martosaken bab tijang nama Soedjan ing Banjoemas, ingkang kakinten pedjah, njatanipoen taksih gesang, saha adamel kokoemipoen tijang boten dosa. Ing sapoenika sampoen dados papriksan, saha wonten tijang ingkang sampoen katahan ing pakoendjaran, saha ing panginten badé mrèmèn-mrèmèn. Ing sapoenika wonten tijang ingkang sagah ambijantoe dateng tetijang ingkang sami nglampahi paoekoeman, samangsa loewar, njoewoenaken kapitoenan dateng Paréntah.

Babagan prakawis kalawarti B.O.M. Doemoeginipoen sapoenika ing bab kalawarti B. O. M. ing Pekalongan ingkang dados seregan, dakwanipoen ingkang taksih katahan toewan Soenarjo, Moh. Daronin toewin toewan Nasoetion, sami wonten pakoendjaran Semarang. Toewan Rachman, toewin Soetrijo sami wonten pakoendjaran Pekalongan. Déné moelaboekanipoen ngantos dados kados makaten poenika saking pandamelipoen toewan Soenarjo, djalaran medar wewados redaksi dateng poelisi.

Mesin maboer mèh manggih pakèwed. Mesin maboer militèr Fokker ingkang noedjoe anggegana wonten saelèr Bekasi, pinanggih bentèr. Begdja mesin maboer waoe saged toemoenten mandap wonten Tjililitan. Sadoemoegining ngandap, mesin maboer waoe pinanggih risak sanget. Lintoening karisakan waoe ngentosi pirantos énggal welingan saking Eropa. Mesin maboer waoe dipoen lampahaken déning letnan Boot.

Kalender Taman Siswa dipoen beskoep. Poelisi ing Ngajogja mentas ambeskoep kalender Taman Siswa taoen 1934 tjatjah 600 idji. Mitoeroet pawartos, ingkang andadagi prakawis poenika toewan Djojoprajitna.

Salingkoehan arta. Djoeroe serat pest bestrijding ing Tegal kasoemerepan njalingkoehaken arta f 2 600.—, ladjeng dipoen tahan.

Drukkerij Albrecht badé kalelang. Béndjing tanggal 27 Januari ngadjeng poenika, Drukkerij Albrecht ing Molenvliet, Betawi, badé kalelang.

Mindak satatar. Serat kabar Galih Pakoean ing Tasikmalaja ingkang roemijin namoeng medal saben dinten Senen kalijan Kemis, wiwit béndjing Januari ngadjeng poenika dipoen wedalaken let dinten, dados saminggoe medal kaping tiga.

Museum Java Instituut. Java Instituut saèstoe badé damel museum wonten ing Ngajogja, manggèn ing Aloen² Lèr, rantjanganing gambar sampoen dipoen oeningani Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan. Museum waoe sadaja badé awangoen Djawi, poenapa malih isi-isinipoen.

Angsal kamajaran. Wonten pawartos, grija-grija Gemeente ing Mlatèn, Semarang, séwanipoen badé dipoen andapaken 30%, toemindak wiwit taoen 1934.

Soedaning séwan grija, poenika toemrapipoen ing djaman sapoenika inggih dados pepènginan oemoem, mila saoepami para njéwakaken grija saged toemindak kados makaten, nama notjogi kados pangadjeng-adjengipoen ngakatah.

Bidalipoen wangsoel mesin maboer Pelikaan. Bidalipoen mesin maboer Pelikaan dateng nagari Walandi wonten ing malem Rebo tanggal 27 djam 1 daloe, ambekta serat post tjatjah 100.000 wawrat 500 kilo. Nalika bidalipoen dipoen paargja ageng-agengan, katah para ageng ingkang sami andjenengi. Éndjingipoen djam 7.50 sampoen doemoegi Medan. Saladjengipoen kaangkah, béndjing taoen baroe sampoen doemoegi nagari Walandi.

Lelampahan ingkang boten dipoen njana. Soer. Hbld. martosaken satoenggiling poenggawa pabéjan nalika noedjoe ngaso mentas mriksa kapal Tjinegara, kagèt dipoen balang barang boentelan angéngingi soekoenipoen. Sareng kapriksa isi tjandoe. Nanging sareng dipoen padosi, boten kasoemerepan saking sinten. Woesan kasoemerepan ingkang gadah tindak kados makaten poenika ketèk ingahan, barang waoe kanggé dolanan, asli anggènipoen angsal wonten ing panggènan ingkang kanggé andelikaken. Nanging sareng anggèning nganggé dolanan sampoen bosen, ladjeng dipoen boetjal.

Banda doesoen bawah Tjirebon. Mitoeroet pawartos doesoen² bawah Tjirebon gadah bang oetawi loemboeng kinten-kinten kerta adji f 2.000.000.— saben taoen saja saged mindak-mindak. Ingkang nindakaken damel babagan waoe Centrale Kas. Waragadipoen ing rantaman taoen 1934 wonten f 13.545.09, kasanggi déning loemboeng 170 toewin bank 155. Kala taoen kapengker wragadipoen namoeng f 10 000.—.

NAGARI WALANDI.

Sawoeng main tjatoer. Dr. Aljechin, sawoeng main tjatoer ingkang misoewoer, sapoenika lelana dateng saindengipoen nagari Walandi. Ingkang katjeta ing gambar poenika toewan waoe nalika noedjoe main tjatoer dipoen kroeboet ing mengsah 30 wonten ing Heemstede.

ការសងសឹក

ដោយ Rafael Sabatini

១០

ដោយសារតែមានការសន្យាជាមួយ Rafael Sabatini ។

ការសងសឹក

ដោយ Rafael Sabatini

១០

ដោយសារតែមានការសន្យាជាមួយ Rafael Sabatini ។

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] 102-103

[illegible]

(illegible)

[illegible]

[illegible] 196

ᠬᠠᠮᠤᠤᠨᠤ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ ᠪᠢᠴᠢᠭᠡᠳᠦᠨ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ ᠪᠣᠯᠣᠨ links, rechts᠂ ᠬᠣᠶᠠᠳᠤᠭᠠᠷ ᠬᠣᠶᠣᠷᠳᠤᠭᠠᠷ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠶᠣᠷᠳᠤᠭᠠᠷ᠃ ᠬᠣᠭᠣᠨᠠ᠂ 4 ᠬᠣᠭᠣᠨᠠᠴᠢᠨᠠᠭᠠᠨ ᠬᠣᠶᠠᠳᠤᠭᠠᠷ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠶᠣᠷᠳᠤᠭᠠᠷ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ᠃

ᠬᠠᠮᠤᠤᠨᠤ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠯᠠᠭ᠂ ᠬᠣᠶᠠᠳᠤᠭᠠᠷ᠂ ᠬᠣᠶᠣᠷᠳᠤᠭᠠᠷ᠂ ᠬᠣᠭᠣᠨᠠᠴᠢᠨᠠᠭᠠᠨ

LILA DAMITA

Toilet Lux

film

Hollywood

Toilet Lux

film

Hollywood



SABOEN TOILET LUX

film

X-LTS 223-288 MA LEVER BROTHERS LIMITED, PORT SUNLIGHT, NEGERI INGGRIS

f 0.40